

10 novanm

Kisa yon jenn gason dwe fè pou l mennen bak li dwat? Se pou l toujou jan ou di l mache a.

Sòm 119. 9

Pawòl ou se yon chandèl ki fè m wè kote m ap mete pye m, se yon limyè k ap klere chemen mwen. Sòm 119. 105

Jèn yo ak tout pwoblèm y ap konfwonte

Chanjman k ap fèt nan monn n ap viv la rapid e pwofon. Se pou sa jèn kounye a pa ka konprann kòman paran yo fè kenbe tout abitud ak fason panse “lontan yo”. Moun ki gen eksperyans yo, yo menm, y ap enkyete yo, lè yo wè espri endepandans k ap devlope. Poutan, malgre yo renmen boude, yo ta swete granmoun yo konprann yo pi byen.

Li pa toujou fasil pou rezoud pwoblèm ki genyen ant 2 jenerasyon diferan. Men, li toujou genyen yon referans tout moun ka fè konfyans, se revelasyon Bondye pou tout moun ki kwè yo ka di : “Pawòl ou se yon chandèl k ap klere pye mwen, se yon limyè sou chimen mwen”. Nan lavi lòm, chimen an k ab parèt yon fason diferan. Men, pawòl Bondye a toujou la, se limyè k ap klere chimen tout moun ki mete konfyans nan Jezi, e ki vle “mennen bak li dwat”, sa vle li viv yon fason ki onore Senyè a, pandan l ap refize tout sa ki malonèt, ki sispèk ou imoral. Sèl mesaj pawòl Bondye a, espiritiyèl e moral, ki toujou rete vrè e aktyèl. Li pa chanje.

Nou kapab twonpe nou, jèn zanmi n yo, si konsèy nou t ap ba ou yo se te pou n te di w ki karyè w ka fè, sou zanmi w yo, sou maryaj. Men nou pa ka twonpe nou lè n ap ankouraje w pou w fè chwa ki dakò avèk Pawòl Bondye. Pa kite yon jou pase san w pa li l ak priyè, ni yon moman san w pa genyen l nan lespri w.

10 novembre

**Comment un jeune homme rendra-t-il pure sa voie ?
Ce sera en y prenant garde selon ta parole.**

Psaume 119. 9

Ta parole est une lampe à mon pied, et une lumière à mon sentier. Psaume 119. 105

Les jeunes et leurs problèmes

Les transformations du monde dans lequel nous vivons sont rapides et profondes. Aussi les jeunes s'étonnent-ils que leurs parents conservent tant d'habitudes et de façons de penser "d'un autre âge". Les gens d'expérience, eux, s'inquiètent de voir se développer l'esprit d'indépendance. Pourtant, malgré leurs airs souvent frondeurs, les jeunes souhaiteraient parfois que leurs aînés les comprennent un peu mieux.

Il n'est pas toujours facile d'y voir clair dans les malentendus entre les générations qui se talonnent. Cependant il y a toujours, et pour tous, une référence infailliable, une lumière sûre, c'est la révélation de Dieu dont le croyant peut dire : "Ta parole est une lampe à mon pied, et une lumière à mon sentier". Le sentier peut changer d'aspect, au cours de la vie d'un homme. Mais la même lumière est là, celle de la Bible, capable de conduire celui qui a mis sa confiance en Jésus et qui veut "rendre pure sa voie", c'est-à-dire vivre d'une manière qui honore son Seigneur, en refusant ce qui est malhonnête, ambigu ou immoral. Seul le message de la Bible, spirituel et moral, reste vrai, actuel. Il ne change pas.

Nous pourrions nous tromper, jeunes amis, en vous donnant des conseils sur votre orientation professionnelle, vos compagnies, votre mariage. Mais nous ne risquons pas de vous égarer en vous encourageant à faire vos choix en accord avec la Parole divine. Ne laissez pas passer un jour sans la lire avec prière, ni un moment sans l'avoir présente à votre esprit.